

Egzamen san Randevou pou Envestigatè Prive

Pwosesis Egzamen yo (Janvye – Jen 2017)

Ou ka enskri pou egzamen an nan sant tèl la, nan jou egzamen an. Gade orè ki anba a pou w ka chwazi kote, lè ak dat ki ap pi bon pou ou an pou w pran pwochen egzamen an. **Orè egzamen yo aktyalize janvye ak jiyè chak ane.**

Plas yo pa anpil e se moun ki rive anvan kap jwenn yo. **Si ou rive an reta, ou pap ka patisipe nan egzamen an.**

Kisa ou dwe Pote

1. Yon pyès idantifikasyon ki gen siyati ak foto w ladan l gouvènman bay. Pyès idantifikasyon wap pote a **SIPOZE VALAB** (sa vle di fòk li pa ekspire) e li sipoze youn nan pyès ki nan lis sa a:
 - Lisans pou kondui
 - Kat idantite Eta kote wap viv lan bay (Pa egzanp: Kat pou moun ki pa kondui)
 - Kat Idantite militè
 - Paspò Ameriken
 - Idantifikasyon INS Etazini bay
 - Sètifika sitwayènte Ameriken
 - Paspò Etranje
 - Kat Idantite rezidan Vil Nouyòk (IDNYC)
 - Kat Idantite Konsila Brezil, Meksik osinon Ekwatè
2. Frè pou egzamen an se 15 dola. Ou ka peye ak chèk oswa money order fèt sou non Depatman deta (Department of State, DoS) oubyen peye frè an ak MasterCard oswa Visa. **Nou pa aksepte lajan kach.** Yo pap ranbouse w frè egzamen yo. Pou tout chèk ki retounen (sa vle di yon chèk ke bank lan refize chanje pou yon rezon kèlkonk) ap genyen yon frè 20 dola pou sa.

Règleman Sant Egzamen yo

Telefòn selilè, bipè ak tout lòt aparèy elektwonik DWE fèmen pandan egzamen an.

Diksyonè, liv, lòt referans materyèl, gwo valiz ak malèt yo pap ka rantre nan sant egzamen an. Pa pote materyèl sa yo nan sant egzamen an paske pa gen kote pou mete yo.

Ou pa gen dwa manje ni bwè ni fimen nan sant egzamen an. Si ou pote manje oswa bwason, nap mande w pou w mete yo yon kote anvan ou rantre nan sant egzamen an.

Vizitè, envite ak timoun yo pa gen pèmisyon pou rantre nan sant egzamen an.

Nenpòt moun nou jwenn ak nòt, liv, oswa lòt èd; si lap bay oswa resevwa èd ; si lap soti ak materyèl egzamen yo oswa nòt ki sòti nan sant egzamen an ; si li lakòz yon twoub oswa si l ap fè aktivite ki kontrè ak règleman yo pou egzamen an pase byen, nap mande moun sa pou l kite sant egzamen an imedyatman. Tout desizyon ki gen rapò ak mezi disiplinè yo se Sipèvizè Egzamen ki nan Depatman Deta kap pran yo.

Rapò Nòt yo

Ou dwe reponn kòrèkteman pou piti **70** pousan nan kesyon yo pou pase egzamen an. Sepandan, tout rezilta egzamen yo se swa ou **pase** swa ou **echwe**; ou pap genyen yon nòt nimerik.

Depi rezilta egzamen ou yo disponib, nap fè w konnen a travè lapòs le pli vit.

Si ou pase egzamen ekri a, wap resevwa yon avi nan kourye lapòs. Nan moman kote wap soumèt fòmilè aplikasyon w lan, ou sipoze soumèt ansanm avè l avi orijinal ou te resevwa a (pa bay yon fotokopi), frè lisans, elatriye. (Yo bay tout detay konplè aplikasyon yo nan enstriksyon sou fòmilè aplikasyon an.)

Si ou echwe egzamen ekri a, wap resevwa yon avi nan kourye lapòs. Ou dwe refè egzamen ekri a nan yon lòt jou ak yon lòt lè ke wap ka chwazi.

Rezilta egzamen yo valab pandan 2zan.

Egzamen San Randevoue pou Envestigatè Prive - Konsènan Egzamen an

Egzamen an se chwa miltip

Sijè egzamen yo gen ladan yo: lwa konsènan akreditasyon an, lwa sou pwosedi kriminel ak penal; teknik ankèt; sipèvizyon; restriksyon; entèpretasyon dokiman ekri; ak rapò ekri.

Moun ki aplike yo ap genyen 2èdtan½ pou ranpli tès la. Tan yo bay la kòmanse nan fen enstriksyon yo.

Orè egzamen san randevou

Janvyè - Jen 2017

Envestigatè Prive

Adrès ak lè tès yo ka chanje e egzamen yo ka anile akòz kondisyon lameteyo ak lòt ijans. Si gen kondisyon metewolojik danjere nan zòn ou, ou ka rele 518-474-4429 pou wè si gen yon egzamen ki te anile. **Tanpri, pa rele sant tès ki nan lis anba yo.**

Si ou bezwen asistans oswa enfòmasyon sou egzamen, ou ka kontakte yon Biwo Divizyon Sèvis Akreditasyon ki nan zòn ou oswa rele sant apèl Albany an nan 518-474-4429. Itilizatè TDD yo ka kontakte operatè relè Eta New York lan nan 1-800-662-1220. Moun ki gen andikap ki bezwen enfòmasyon daksè ka rele nan 518-474-4429.

Pa gen moun kap jwenn aksè nan yon egzamen aprè lè ki te bay poul kòmanse a.

On the following MONDAYS at 9:30 a.m.

January 9	February 6	March 6	April 3	May 1	June 5
--------------	---------------	------------	------------	----------	-----------

ALBANY*

(Alfred E. Smith State Office Building)

80 South Swan Street

Albany, New York 12239

***Located at the corner of Washington Avenue and South Swan Street**

BUFFALO

(State Office Building)

65 Court Street, Main Floor, Hearing Room, Part 5

Buffalo, NY 14202

FRANKLIN SQUARE

(VFW Hall)

68 Lincoln Road, Basement

Franklin Square, NY 11010

N6 Bus Route on Hempstead Turnpike

From the East: take the Southern State Parkway to Exit 16N, Franklin Ave.

From NYC/West: take the Cross Island Parkway SOUTH to the Southern State Parkway EAST. Take exit 15, Franklin Ave., turn left at the 2nd light onto Franklin Ave.

On Franklin Ave.: turn RIGHT onto Hempstead Turnpike and go 5 blocks. Turn LEFT onto Lincoln Rd. (7-Eleven on corner). The VFW Hall and parking lot are on the RIGHT.

HAUPPAUGE

(Perry Duryea State Office Building)

250 Veterans Memorial Highway

Basement Conference Room

Hauppauge, NY 11788

Note: Building sits back off highway. Look for the green sign near the road.

NEW YORK CITY

123 William Street, 2nd Floor

New York, NY 10038

SYRACUSE

(State Office Building)

333 E. Washington Street, Main Floor, Hearing Room A

Syracuse, NY 13202

On the following TUESDAYS at 9:30 a.m.

January 10	March 7	May 9
----------------------	-------------------	-----------------

PLATTSBURGH

(PARC Dining Hall - Part of Clinton Community College)

14 Dormitory Drive, Conference Room 1

Plattsburgh, NY 12903

From North:

Take Route 9 south through Plattsburgh (city). At roundabout, turn right (first exit) onto New York Road. Turn left after 1.3 miles onto Idaho Ave. Take first left onto Dormitory Drive.

From South:

Take Route 9 north through Plattsburgh (town). At roundabout, take third exit onto New York Road. Turn left after 1.3 miles onto Idaho Ave. Take first left onto Dormitory Drive.

From I-87:

Take exit 36 to Route 22 heading north, toward Plattsburgh. Follow Route 22 for 2-3 miles. Take right onto Arizona Ave, after passing Plattsburgh International Airport. After .6 miles, take second left onto New York Road. Take first right onto Idaho Ave. Take first left onto Dormitory Drive.